

PINÈZ

Ki sa pinèz ye ?



Pinèz se ensèk koulè wouj-mawon tou piti san zèl, pi kout pase ¼ pou nan longè, epi ki gen fòm oval plat. Yo antre nan kay sou mèb ak valiz dezyèm men ou pote antre. Yo kache kote ki pa laj, tankou nan pli matla, fent mèb, dèyè foto ki kwoche nan mi oubyen dèyè tapisri, anba tapi epi dèyè plent mi kay. Lannuit, yo soti pou yo jwenn manje epi mòde tout po moun ki pa kouvri ak rad tankou kou, bra, zepòl ak men. YO PA viv sou kò moun tankou pou ak pis. Tout moun ka gen pwoblèm pinèz e se PA POUTÈT MOUN PA BYEN FÈ MENAJ. Yo ka viv plizyè mwa nan apatman vid, yo ka kache nan lòt pyès kay oubyen nan lòt apatman, epi yo ka menm

deplase nan lòt batiman lè yo kache nan mèb ak rad moun pote ale lòt kote.

Èske pinèz danjre pou sante m ?

Pinèz pa transmèt maladi bay moun. Men, piki yo grate, gwo, anfle epi ka anpeche moun dòmi. Pou diminye chans pou gen enfeksyon, pa grate kote yo mòde w epi lave kote yo mòde w ak savon anti-bakteri.

Ki sa lokatè ka fè ?

- ◆ Mete pwopriyetè kay la okouran si w gen pwoblèm pinèz. E w ka rele Boston Inspectional Services oubyen Boston Public Health Commission.
- ◆ Fòk pwopriyetè kay la angaje ekstèminatè diplome pou rezoud pwoblèm lan epi ba w enfòmasyon ak enstriksyon alekri ki di ki preparasyon pou suiv. Li obligatwa pou w suiv tout enstriksyon sa yo.
- ◆ Lave rad, dra ak kouvèti nan dlo cho epi seche yo nan gwo chalè pou touye tout ze pinèz ki genyen. Mete lesiv pwòp nan sache plastik ki pa janm sèvi jistan ekstèminatè a flite apatman an.

Ki sa pwopriyetè ka fè ?

- ◆ Byen chwazi yon ekstèminatè diplome ki gen plan presi epi eksperyans nan kontwòl pinèz. Ekstèminatè a ap mete anplas yon pwogram konplè pou kontwòl bèt (IPM) ki dekri gwo pwoblèm pinèz ki genyen epi ki eksplike etap pou suiv pou kontwole epi siveye pwoblèm lan. Se pou pataje pwogram IPM lan ak tout lokatè.
- ◆ Mete lokatè yo okouran dat ak lè tretman ki òganize e ki sa ki pral fèt. Fòk ou ba yo enstriksyon alekri omwen 2 jou alavans.
- ◆ Fè ansòt pou tout lokatè ou yo suiv enstriksyon preparasyon yo epi mande ekstèminatè a fè enspeksyon tout rezidans epi trete tout rezidans ki gen pinèz ak tout rezidans akote (anlè, anba, adwat epi agòch, devan epi dèyè, san pa bliye anfas lòt bò koulwa a).

Anpeche gen pinèz !

Gen plizyè bagay ou ka fè pou diminye chans pou gen pinèz :

- ◆ Pinga ranmase mèb ak valiz moun kite sou twotwa epi eseye pa achte mèb ak valiz nan magazen dezyèm men.
- ◆ Rele Boston Inspectional Services Department nan 617-635-5322 pou yo vin fè enspeksyon kote w pral lwe a.
- ◆ Bouche tout fent ak twou nan mi, plafon ak planche.



Byen enfòmè



BOSTON

Boston Public Health Commission 1010
Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.bphc.org
Doktè Barbara Ferrer, direktis egzekitif
Thomas M. Menino, majistra

Pou plis enfòmasyon, tanpri rele :
Boston Public Health Commission nan 617-534-5966
Boston Inspectional Services nan 617-635-5300